



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN AGRESIF POU KONBAT KRIZ ALONTÈM YO NAN PENN STATION

Kreye Fòs Entèvansyon pou Abòde Defi Akoutèm ak Alontèm yo nan Penn Station

Ankouraje MTA pou Modènize Sistèm Metwo a epi Ogmante Kantite Tren nan Peryòd Chaje yo epi Mande Estrateji Inovatif yo ak “MTA Transit Genius Challenge”

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon plan aksyon agresif pou abòde defi transpò New York yo ki ap kòmanse ak kriz akoutèm yo nan Penn Station, ak efè domino ke li pral genyen sou tout sistèm transpò a an antye. Ak derayman ak anilasyon nan Penn Station ki koze reta ki koute chè anpil pou plizyè milyon vwayajè, plan Gouvènè a ap bay alafwa solisyon akoutèm ak alontèm yo pou kapab abòde echèk kwonik nan estasyon an ki chita nan kè enfrastrikti transpò rejyon an. Chak jou travay, plis pase 600,000 moun ap vwayaje atravè Penn Station, ki se pwopriyete Amtrak ak gouvènman federal – plis ke triple kapasite ki elabore pou etablisman an. Amtrak ap pwopoze reparasyon ki pral redwi kantite tren ki nan Penn Station de anviwon 20 pousan pandan peryòd vwayaj chaje yo ak kòm yon rezilta, vwayajè yo ki ap chèche metòd altènatif transpò yo pral kraze yon sistèm metwo ki deja gen twòp fado ak wout ak pon ki bloke yo.

Gouvènè Cuomo ap konsantre sou twa pati:

- Devlope yon plan imedya pou kriz estival Penn Station lan
- Rekòmande solisyon jesyon alontèm ki fyab pou Penn Station, epi fè li vin tounen yon santral transpò 21^{yèm} Syèk ansanm ak Farley Train Hall ak Gateway Tunnel
- Ankouraje MTA a pou modènize sistèm metwo Vil New York lan epi ogmante kantite tren nan peryòd chaje yo pou kapab soulaje foul moun yo epi redwi reta yo

Abòde Penn Station nan yon fason ki global se premye etap pou kapab rezoud defi transpò New York yo. Patikilyèman paske pwoblèm yo nan Penn Station ak koupi sèvis Amtrak yo pral anpire kondisyon yo ki deja gen twòp moun nan metwo Vil New York yo. Gouvènè an ap etabli yon Fòs Entèvansyon ki konpoze de ekspè ak pati prenan

transpò ki ap mennen yo pou devlope alafwa solisyon sikilasyon akoutèm yo, menm jan ak chanjman sistèmik alontèm yo. An plis, Gouvènè Cuomo ap pwopoze konkou “The MTA Genius Transit Challenge,” ki se yon konpetisyon pou kapab reyelabore solisyon yo nan defi sistèmik yo ak sistèm metwo a.

“Eta delabreman entolerab nan Penn Station ansanm ak efè domino reta ak disfonnyonman li yo atravè sistèm metwo an te atenn yon pwen limit, epi nou dwe adopte plan aksyon global sa kounye a pou kapab jwenn alafwa solisyon akoutèm ak alontèm yo pou defi sa yo ki ap ogmante, modènize enfrastrikti ki demode yo epi reponn a nesosite jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak fiti yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Efò an milti branch sa pral abòde defayans kwonik sistèm lan, epi fè modènizasyon ki enpòtan anpil ke yo te dwe fè depi lontan pou kapab asire ke sistèm nou an gen pi gwo kalib. Apre plizyè dekad neglijans, se moman pou nou sezi opòtinite a pou fè chanjman reyèl nan sistèm transpò nou an.”

Ou kapab wè prezantasyon Gouvènè a [isit la](#).

Fòs Entèkansyon Penn Station

Manm Fòs Entèkansyon yo ki pral bay konsèy sou Penn Station gen pami yo:

- Matthew J. Driscoll, ki se Komisè, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation)
- Peter King ki se Manm Kongrè
- Kevin Law, Prezidan, Long Island Association
- Richard LeFrak, ki se Direktè Egzekitif Jeneral, LeFrak
- Joe Lhota, ki se Vis Prezidan Siperyè, Vis Dwayen, ak Chèf Pèsonèl, NYU Langone Medical Center
- Manm Kongrè Jerrold Nadler
- Charles Rangel ki se Ansyen Manm Kongrè
- Steve Roth, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Vornado Realty Trust
- John Samuelsen, ki se Prezidan, TWU Local 100
- Tom Wright, ki se Prezidan, Regional Plan Association
- Carl Weisbrod, Konseye Siperyè, HR&A
- Moun ke yo nonmen nan Vil New York
- Moun ke yo nonmen nan Nassau
- Moun ke yo nonmen nan Suffolk

Devlope yon Plan Imedya pou Kriz Estival Penn Station lan

Fòs Entèkansyon an pral konsantre sou de domèn. An premye, devlope solisyon transpò altènatif yo pou jere koupi sèvis Amtrak estival yo. Ki enkli:

- Operasyon Pak ak Vwayaj yo
- Restriksyon ki amande pou liy LIE HOV yo
- Bato kwazyè Long Island a wot vitès yo
- Sèvis bis ekspès ki se pwopriyete prive yo

Solisyon Jesyon Alontèm Vyab ki Rekòmande pou Penn Station epi Fè Li Vin Tounen an yon Sant Transpò 21^{yèm} Syèk ak Farley Train Hall ak Gateway Tunnel

Fòs Entèkansyon an pral evalye tou vyabilite nenpòt solisyon jesyon alontèm ki pwopoze pou Penn Station. Sa se yon opòtinite pou kapab adopte solisyon estratejik alontèm pou pwoblèm sistèmik yo ki ap afekte operasyon transpò ak santral fizik Penn Station yo.

Gouvènè Cuomo ap pwopoze Fòs Entèkansyon an konsidere twa opsyon sa yo:

1. Eta New York Pral Pran Kontwòl Penn Station: Eta a pral itilize konstwiksyon ki base sou konsepsyon an konbinezon ak yon patenarya piblik-prive pou kapab pèfòme reparasyon ijans yo epi opere Penn Station alontèm. Kòm yon pati nan jefò sa, Eta a pral konbine Penn ak Farley Train Hall, nouvel sal rasanbleman LIRR lan, ansanm ak tinèl Gateway Tunnel lan pou kapab kreye yon santral transpò ki inifye, ki reyelabore.
2. Port Authority Pral Pran Kontwòl Penn Station: Port Authority pral kreye yon patenarya piblik-prive pou kapab jere reparasyon ijans yo epi kontinye tou ak operasyon alontèm yo nan Penn Station. Kòm yon pati nan jefò sa, Port Authority pral konbine Penn ak Farley Train Hall, nouvel sal rasanbleman LIRR lan, ansanm ak tinèl Gateway Tunnel lan pou kapab kreye yon santral transpò ki inifye, ki reyelabore.
3. Amtrak Ap Itilize Kontraktè Prive: Laplipa tèminal Amtrak yo ki nan peyi a yo pa opere aktyèlman pa Amtrak, men olye de sa li fèt pa operatè ki kalifye yo. Yo te ka adopte modèl sa nan Penn Station.

Ankouraje MTA pou Modènize Sistèm Metwo Vil New York lan

Sistèm metwo MTA a date de 113 ane, epi li genyen prèske 6 milyon pasaje chak jou. Li depase kapasite li epi li pa te jwenn finansman pandan 50 ane ki sot pase yo. Menm si MTA gen yon plan kapital 29.5 milya dola, ki gen ladan 8.3 milya dola ki soti nan eta a, sistèm metwo a an delabreman grav. Semèn pase a, Gouvènè a te ankouraje MTA pou akselere reyalizasyon plan kapital 29.6 milya dola a. An plis, Gouvènè a te òdone MTA pou reyalize yon Plan an 6 Pwen ki elabore pou rezoud imedyatman pwoblèm ki an rapò ak estrikti jesyon, reta yo ak ankonbreman.

Sepandan, solisyon estanda yo ap pran twòp tan pou reyalize epi yo pa abòde tout pwoblèm ki afekte sistèm lan. Eta aktyèl sistèm metwo Vil New York lan bezwen modèl panse ki ekstraòdinè ak solisyon inovatif yo. Gouvènè Cuomo ap pwopoze konkou “The MTA Genius Transit Challenge”, ki se yon konpetisyon pou kapab reyelabore solisyon pou pwoblèm sistèmik yo ki gen nan sistèm lan, yo tout vize ogmante kantite tren pa èdtan nan peryòd chaje yo pou soulaje ankonbreman epi pèmèt gen sèvis ki pi fyab ak mwens reta. An mwa Jen, yon konpetisyon entènasyonal pral konvoke patisipan ki ap soti nan sektè teknoloji, enjenyeri ak biznis yo pou abòde twa defi elaborasyon ak teknoloji metwo an ki pi kontrenyan yo.

- Pou kapab abòde pwoblèm sistèm siyalizasyon demode an nan yon fason ki pi rapid epi ki pi efikas pou pèmèt MTA ogmante kantite tren pa èdtan pandan peryòd chaje yo;

- Pou abòde pwoblèm tren demode sistèm metwo an yo. Estrateji yo ka enkli renovasyon tren metwo aktyèl yo, modènize sistèm ki la deja yo, pi bon pwogram/pwotokòl mentnans yo, ak livrezon pi rapid nouvo tren yo; ak
- Pou konsevwa teknoloji kominikasyon yo pou konektivite selilè ak WIFI ke yo ka enstale nan tout sistèm metwo an ki enkli tinèl yo.

Eta a pral bay yon prim “Jeni” 1 milyon dola pou meyè lide yo nan toulètwa kategori yo, epi MTA pral pwobableman bay kontra pou sistèm sa yo.

Panelis Konkou Sikilasyon Jeni MTA a pral gen pami yo:

- Sarah Feinberg, Ansyen Administratè, Administrasyon Federal Wout Ray (Federal Railroad Administration)
- Daniel Huttenlocher, Dwayen ak Vis Rektè, Cornell Tech
- Charles Phillips, Direktè Egzekitif Jeneral, Infor
- Kristina Johnson, Chanselye ki eli, SUNY
- Greg Brown, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Motorola Solutions
- Nick Grossman, ki se Direktè Jeneral, Union Square Ventures
- Eliot Horowitz, Ko-Fondatè ak Ofisye Teknoloji an Chèf, MongoDB
- Balaji Prabhakar, Pwofesè Enjenyeri Elektrik ak Syans Enfòmasyon, Stanford University

Sistèm Metwo Vil New York lan ap jere 1,070 kilomèt wout, 24 liy epi li fonksyone 24 sou 24, 7 jou sou 7, epi 365 jou nan ane a. Demann pou sèvis yo rive nan nivo istorik ak trasnò 6 milyon moun pa jou. Sikilasyon Vil New York dwe inovè pou kapab akomode yon demann ki ap grandi epi kontinye rete motè ekonomik vil lan, eta a ak rejyon an.

Amelyore Sistèm Siyalizasyon Metwo Vil New York lan

Sistèm siyalizasyon blòk fiks aktyèl lan te konstwi depi yon syèk de sa, epi kounye a li bezwen reparasyon konstan epi li ap vin de mwenzanmwèn fyab.

Majorite investisman kapital lan nan siyalizasyon metwo an te konsantre sou “eta bon reparasyon” epi pa sou elaji kapasite sistèm lan. Plan Kapital aktyèl 29.5 milya dola MTA a genyen ladan plis pase 2.75 milya dola pou siyalizasyon yo, ak plis pase 1 milya dola pou enstalasyon Kontwòl Tren Ki Baze sou Kominikasyon. Lòt investisman nan siyalizasyon yo enkli anviwon 850 milyon dola pou modènize sis entèwewouyaj siyalizasyon, ak 250 milyon dola pou modènize siyal konvansyonèl yo.

Konpetisyon sa ap chèche akselere reyalizasyon solisyon yo pou pote pi bon sèvis siyalizasyon epi ki pi fyab pou sistèm nan pi rapid.

Pote Pi Bon Tren Metwo nan Sistèm lan

Flòt tren metwo an te elabore nan fason ki pi efikas pou vwayajè ki ap monte nan tren yo. Pòt tren metwo yo ouvè epi fèmen prèske 7 milyon fwa pa jou – epi pòt yo se koz prensipal defayans ki nan tren yo. Pi rapid li ka pran pou konstwi yon nouvo tren se twa

ane. MTA ap akselere livrezon 300 nouvo tren metwo R179 ak premye an ki ap rive nan sezon otòn 2017, epi yo tout ap fin livre apati Septanm 2018. An plis, Sikilasyon Vil New York pral akselere livrezon 450 nouvo tren R211.

Resamman MTA te anonse plan ki gen sis pwèn ki ap atake pwoblèm souvan yo ki lakòz pètibasyon nan sèvis yo ak deranjman pou pasaje yo – ki enkli pòt ki kwense, metrize sistèm kontwòlè yo, ak chofaj ak lè klimatize. Sistèm transpò a bezwen yon apwòch dyagnostik ki akse sou done, ki pi konplè ki ap pèmèt pou gen mentnans prevantif olye de mentans korektif.

Ogmante Konektivite Kominikasyon yo nan Tinèl Metwo yo

MTA te reyisi livre koneksyon selilè ak Wi-Fi nan chak estasyon nan sistèm lan apati fen ane pase a. Sepandan, konektivite nan tinèl metwo yo toujou poko disponib. Tinèl metwo yo kwense, sa ki reprezante yon defi pou kapab fè pase kab yo ak lòt ekipman Wi-Fi ki nesèsè yo. Estrateji endistri estanda yo pral bezwen fèmen sèvis tren an konplètman pou kapab enstale Wi-Fi nan tinèl yo.

Devlopman yon plan altènatif se enkyetid kle Konkou sa. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou jan pou patisipe, vizite www.ny.gov/MTAGeniusTransitChallenge.

Jerrold Nadler, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Pwoblèm prensipal Amtrak se te yon mank finansman, epi gouvènman federal la gen alafwa yon responsabilite ak obligasyon pou finanse rezo transpò vital sa, ki enpòtan pa sèlman pou Eta New York men tou pou tout Koridò Nòdès lan. Mwen kontan pou mwen travay nan Fòs Entèkansyon an epi pou mwen travay ansanm ak Gouvènè Cuomo nan objektif pou kapab rezoud pwoblèm transpò vital sa yo. Nou bezwem egzamine minisyezman tout pwopozisyon divès yo, ki enkli efè posib ke yo pral genyen sou rezo transpò a ak vwayaj piblik lan. Sa pral enpòtan espesyalman pa rapò a privatizasyon, kote mwen gen enkyetid reyèl konsènan efikasite potansyèl li.”

Peter King, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Sitiyasyon dezastre nan Penn Station lan afekte rejyon sid lan an antye, patikilyèman plizyè santèn milye vwayajè LIRR yo. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt li nonmen mwen nan Fòs Entèkansyon Penn Station lan, epi mwen espere travay ansanm ak lòt manm yo pou kapab atenn solisyon akoutèm ak alontèm yo.”

John J. Flanagan, ki se Lidè Majorite Sena a, te deklare, “Abitan nan Long Island, Hudson Valley ak Vil New York yo merite yon sistèm sikilasyon masif 21yèm syèk ki fyab, ki ka pèmèt yo ale nan travay epi retounen lakay yo nan aswè pou pase tan ak fanmi yo ak byenneme yo. Nan moman sa, sistèm lan pa reponn a nesèsite sa yo epi Nouyòkè yo fache akoz reta yo, anilasyon yo ak mank antipati, epi yo vle ke nou fè yon bagay. Mwen kontan pou mwen rejwenn Gouvènè a ansanm ak lòt yo, ki enkli Kòlèg Sena mwen an Elaine Phillips, ki se Prezidan Komite sou Enfrastrikti ak Envestisman Kapital nan Sena a, ak yon defansè pou vwayajè Long Island yo, nan anonse aksyon sa yo jodi a. Sa se pa yon pwoblèm patizan, se yon pwoblèm kalite lavi, epi li esansyèl pou nou tout travay ansanm pou jwenn rezilta pi bonè posib. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt lidèchip li epi mwen kontan anpil pou solisyon yo ki nan atent nou.”

Carl Heastie, ki se Oratè, te deklare, “Chak jou, plizyè santèn milye Nouyòkè depann de Penn Station kòm yon pati nan vwayaj yo chak jou, men malerezman kondisyon aktyèl yo te kreye kawo ak reta. Mwa sa Asanble an, dirije pa Jeffrey Dinowitz ki se Prezidan Komite Kòporasyon (Corporations, Authorities and Commissions Committee), Otorite ak Komisyon yo, te òganize yon odyans piblik sou Pwogram Renouvèlman Enfrastrikti Penn Station Amtrak lan (Amtrak’s Penn Station Infrastructure Renewal Program) pou kapab egzamine enpak li yo sou operasyon nan tout sistèm lan pou Otorite Transpò Metwopolitèn yo (Metropolitan Transportation Authority) ak Long Island Rail Road. Menm si Amtrak te anonse ke yo pral fè reparasyon ijans sezon ete sa, travay yo pral bezwen yon koupri sèvis 20 pousan – sa ki ap konpoze pi plis kondisyon ki deja entolerab. Jodi a mwen rejwenn Gouvènè Cuomo ansanm ak Delegasyon Kongresyonèl New York lan nan mande gouvènman federal la leve kanpe pou bay finansman imedyata pou kapab abòde pwoblèm ki genyen yo, epi fè reparasyon ki nesesè anpil yo nan Penn Station.”

Steve Bellone, ki se Chèf Egzekitif Konte Suffolk, te deklare, “Enfrastrikti demode New York lan te yon pwoblèm ki ap agrandi pandan plizyè ane, men nou te atenn yon pwèn limit nan Long Island epi nou dwe poze aksyon desizif pou jwenn solisyon pou defi sa yo epi asire ke rezo transpò nou an kapab reponn a nesesite jenerasyon aktyèl ak fiti yo. Gouvènè Cuomo te pwouve kapasite gouvènman nou an poutèt li pa jis pale sèlman de pwòje enfrastrikti majè yo, men li aktyèlman fè yo reyalize. Sou lidèchip li, nou ap konstwi jodi a yon pi bon avni, epi mwen fyè pou mwen travay ansanm avèk li sou plan agresif sa.”

Edward P. Mangano, ki se Chèf Egzekitif Konte Nassau, te deklare, “Long Island Rail Road se wout ray vwayajè ki pi chaje nan Amerik Nò, epi li esansyèl pou ekonomi Konte Nassau a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan chèche rezoud disfonksyonman nan Penn Station epi ede vwayajè Long Island Rail Road yo.”

Scott Stringer, ki se Kontwòlè nan Vil New York, te deklare, “Aprè plizyè ane san investisman, disfonksyonman nan Penn Station te vin entolerab -- li pa rive reponn a nesesite nou yo epi reponn a estanda nou yo antan ke Nouyòkè. Ak plan an divès branch sa, Gouvènè Cuomo ap poze aksyon pou anpeche defi sa yo, epi konstwi yon pi bon sistèm pou avni an. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou abòde nesesite sitwayen nou yo, epi kreye yon sistèm ke tout Nouyòkè yo ka fyè de li.”

Melissa Mark-Viverito, ki se Oratè Konsèy Vil New York, te deklare, “New York se Vil ki ap mennen nan mond lan, epi transpò piblik ki fyab, komòd se mwayen ki ap ede Vil nou an, ak biznis nou yo fonksyone. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li panse gran, epi poutèt li ap fè yon pa annavan enpòtan pou kapab redwi presyon sou sikilasyon transpò pou abitan Vil New York ak Long Island yo, epi mwen espere kontinye travay ansanm ak kòlèg mwen yo nan tout nivo gouvènman yo pou kapab ranfòse investisman nou an nan enfrastrikti transpò enpòtan yo.”

John Samuelsen, ki se Prezidan, TWU Local 100, te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap konstwi pou fiti. Soti depi nan nouvo Ayewopò LaGuardia a pou rive nan nouvo pon Tappan Zee Bridge lan, Gouvènè a gen yon rejis san parèy nan takle defi enfrastrikti ki pi konplèks yo nan epòk nou an. Nan konstwi rezo enfrastrikti transpò nou an sa ap kreye epi soutni travay, ak yon mwayen pou jwenn sekirite

ekonomik pou Nouyòkè ki ap travay yo. Ak nouvo plan global agresif sa pou kapab konbat pwoblèm sistemik rezo transpò nou an, Gouvènè Cuomo ap yon lòt fwa ankò poze aksyon pou amelyore lavi tout Nouyòkè yo.”

Joe Lhota, ki se Vis Prezidan Siperyè, Vis Dwayen, ak Chèf Pèsonèl, NYU Langone Medical Center, te deklare, “Pasaje yo menm jan ak vwayajè yo ki ap sikile sou Koridò Nòdès lan yo fache ak dezòd ki se Penn Station, ak reta yo ki ap kontamine tout sistèm transpò New York lan. Gouvènè a te prezante yon plan aksyon entelijan ki pral abòde pwoblèm sistemik yo ki t’ap trennen pandan plizyè dekad, epi asire ke sistèm transpò nou yo reponn a nesosite jenerarasyon Nouyòkè aktyèl ak fiti yo. Mwen aplodi Gouvènè a poutèt lidèchip li epi mwen espere travay ansanm avèk li pou kapab konstwi enfrastrikti transpò klas mondyal ke New York merite.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418